

## **Patwon yo: Kisa ou Bezwen Konnen Konsènan Lèt Administrasyon Sekirite Sosyal yo Akòz Enfòmasyon Ki Pa Koresponn**

### **Kisa yon lèt "SSA sou enfòmasyon ki pa koresponn ye"?**

Yon lèt Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) akòz enfòmasyon ki pa koresponn, ki rele ofisyèlman yon avi "Demann Koreksyon Patwon", se yon lèt enfòmasyonèl ki la pou avèti yon patwon sou diferans ant ransèyman patwon an te ranpli ak sa ki nan dosye SSA ki kapab gen yon diferans nan kantite lajan egzat yon anplwaye ka resevwa pou rive jwenn tout avantaj sekirite sosyal la bay. Lèt la endike enfòmasyon yo bay sou non epi/oswa sou nimewo sekirite sosyal (SSN) anplwaye a pa koresponn ak non epi/oswa SSN nan dosye SSA a. SSA te rekòmanse voye lèt sa yo bay patwon yo nan mwa mas 2019, apre plizyè ane depi li pa fè sa.

### **Èske si yo resevwa yon lèt SSA akòz enfòmasyon ki pa koresponn, sa kapab sèvi kòm avi akòz yon move aksyon patwon an oswa anplwaye a fè?**

**Non.** Yon diferans kapab egziste pou plizyè rezon, li ka yon fot de frap, yon erè nan sa ki ekri yo oubyen yon chanjman non ki pat korije. Men, sa lèt SSA a di: "*Lèt sa a pa vle di oumenm [patwon an] oubyen anplwaye a fè eksprè pou bay leta yon move enfòmasyon sou non anplwaye a oubyen SSN.*"<sup>1</sup>

### **Èske si yo resevwa yon lèt SSA akòz enfòmasyon ki pa koresponn sa kapab sèvi pou montre yon anplwaye pa gen papye oubyen I ap travay san otorizasyon?**

**Non.** Jan li mansyone pi wo a, diferans yo ki pouse SSA voye yon lèt akòz enfòmasyon ki pa koresponn bay patwon yo kapab baze sou anpil rezon. Men sa lèt SSA a di: "*Lèt sa a pa la pou pale de validite otorizasyon travay ou oswa estati imigrasyon w*". Depatman Jistis Ameriken an te tou avize patwon yo pou yo pa sipoze yon anplwaye ta gen pwoblèm ak sitiyasyon imigrasyon yo paske yo resevwa lèt sa a.<sup>2</sup>

### **Kisa yon patwon ki resevwa yon lèt akòz enfòmasyon ki pa koresponn dwe fè?**

Lèt sou enfòmasyon ki pa koresponn la bay patwon enstriksyon sou sa pou yo fè pou gade, epi pou korije non avèk SSN ki depaman. Patwon yo dwe bay anplwaye yo yon kopi lèt la pou yo ka asire yo enfòmasyon SSA yo kòrèk. SSA a founi tou anpil enfòmasyon sou sitwèb li a, ki gen ladan egzanp avi, enstriksyon etap pa etap, Kesyon yo Poze Souvan: <https://www.ssa.gov/employer/notices.html>.

Jan sa di nan lèt SSA a: "*Pa pran aksyon defavorab kont yon anplwaye, tankou revokasyon, sispansyon, ranvwa oubyen diskriminasyon kont moun sa a jis paske SSN li oubyen non li pa enskri nan dosye nou yo.*"

### **Èske genyen yon dat limit pou patwon yo fè koreksyon yo?**

**Non.** Pa genyen dat limit. Lèt SSA defini lèt akòz enfòmasyon ki pa koresponn nan tankou "yon lèt enfòmasyonèl ki la pou alète patwon yo lè gen enfòmasyon ki depaman."

Anplis de sa, SSA te deklare li pa yon ajans ki la pou ranfòsman lalwa epi nan kòmansman mwa jen, li te konfime ofisyèl manm Kongrè yo "li p ap pran okenn mezi, si konsekans yo pa lye ak sa SSA di, si patwon yo pa ta respekte lèt yo [sou enfòmasyon ki pa koresponn]."<sup>3</sup>

(Kontinye nan lòt paj devan.)

<sup>1</sup> Egzanp demann Administrasyon Sekirite Sosyal la mande Patwon pou yo fè pou Pansyonè, Reskape ak Asire ki Andikape yo disponib sou sitwèb <https://www.ssa.gov/employer/notices/EDCOR%20Letter%20-%20Final%209-16-19508.docx.pdf>

<sup>2</sup> Depatman Jistis, Kesyon Moun Poze Souvan yo sou Non/Nimewo Sekirite Sosyal ki "Pa Koresponn," <https://www.justice.gov/sites/default/files/crt/legacy/2010/12/29/FAQs.pdf>

<sup>3</sup> Komisè Pwovizwa Administrasyon Sekirite Sosyal la Nancy A. Berryhill, Lèt sou Korespondans Edikasyonèl (EDCOR) / lèt Demann Sèvis Koreksyon pou Patwon yo (sétadi, "enfòmasyon depaman") adresé pou Onorab Jim Acosta (3 jen 2019).

<sup>4</sup> Administrasyon Sekirite Sosyal, Kesyon Patwon ak Anplwaye yo Poze Souvan konsènan Avi Demann Koreksyon pou Patwon an, disponib sou sitwèb nan <https://www.ssa.gov/employer/notices/Questions%20Employers%20Ask%20Final.pdf>

## Èske SSA pataje nenpòt enfòmasyon ak lòt ajans sou patwon ak anplwaye ki gen dosye ki gen enfòmasyon ki pa koresponn?

Dapre SSA, tout kontni nan lèt sou enfòmasyon ki pa koresponn se yon seri enfòmasyon fiskal federal ki pwoteje epi, kidonk, SSA "pa gen dwa pataje enfòmasyon sa yo bay lòt ajans, sof si ta gen yon rezon valab selon sa atik 6103 [Kòd Entèn Enpo sou Revnij]".<sup>4</sup> SSA pataje enfòmasyon ki depaman avèk Sèvis Revni Entèn (IRS) paske SSA a konsidere kòm yon ajan IRS.

### Kòman patwon ak anplwaye yo ka jwenn plis enfòmasyon?

Patwon yo ka chèche wè yon konseye jiridik oubyen asosyasyon nan sektè aktivite yo. Anplwaye yo ka chèche reprezantan ki nan travay yo a oubyen chèche èd jiridik pou fè koreksyon yo, si sa ta nesesè. Moun New York yo ki ta bezwen asistans yon avoka pou kesyon imigrasyon ka konpoze nimewo 311 epi repete "ActionNYC" oubyen "sèvis legal imigrasyon" pou jwenn kèk referans.

### Lèt SSA yo Sou Enfòmasyon ki Pa Koresponn epi Kijan pou Evite Diskriminasyon Dapre Lwa Sou Dwa Moun nan Vil New York la.

Lè yo pran yon seri mezi defavorab kont yon anplwaye akòz dosye li ki depaman, tankou ba li konje oubyen mete fen nan travay li, sa kapab vyole Lwa sou Dwa Moun Vil New York (NYCHRL). Pami tout lòt pwoteksyon yo, NYCHRL entèdi patwon yo pou fè diskriminasyon kont yon anplwaye, nenpòt fason, akòz sitiyasyon imigrasyon aktyèl yo ou di mwens, selon sa yo panse, peyi kote yo soti, oubyen apatenans yo nan kelleswa kategori ki benefisyé pwoteksyon. Yon patwon ki resevwa lèt akòz enfòmasyon ki pa koresponn epi ki sèvi ak li pou fè diskriminasyon epi fè reprezay sou yon anplwaye, nan nenpòt fason an, ka tonbe anba sanksyon lalwa sivil pou peye anplwaye sa a jiska \$250,000 dola epi l ap oblige anplis peye domaj enterè. Lwa Eta a ak federal yo tou entèdi diskriminasyon epi prevwa sanksyon pou sa.

Men kèk egzanp vyolasyon NYCHRL ki gen rapò ak lèt yo sou enfòmasyon ki pa koresponn:

- Yon patwon ki resevwa lèt la ki pale de yon anplwaye ki soti Filipin. Patwon an t ap chèche depi lontan yon okazyon pou voye anplwaye a ale poutèt aksan li, menmsi sa pa afekte kapasite anplwaye a genyen pou fè travay li, epi li gen papye legal pou l travay. Kou li resevwa lèt la, patwon an revoke anplwaye a.
- Yon patwon ki resevwa yon lèt sou enfòmasyon ki pa koresponn ki endike pwoblèm nan enfòmasyon ki depaman. Patwon an sipoze enskripsiyon yon travayè migran britanik te gen erè nan enfòmasyon anplwaye a te bay. Patwon an ap bay anplwaye a yon kopi lèt la san l pa pran lòt mezi. Poutan, patwon remake plizyè travayè ki nan lis lèt yo sou enfòmasyon ki pa koresponn, ki se migran Meksiken, ki pa gen yon estati migran regilye. Patwon an ap mande yo pou ranpli yon nouvo fòm I-9 epi pote orijinal prèv otorizasyon travay yo. Sèten anplwaye pa pote enfòmasyon sa a; patwon an revoke yo pou sa. Etandone patwon an egzije sèlman anplwaye ki soti Meksik founi dokiman, patwon sa a ap koupab diskriminasyon akòz li sible orijin nasional ak sitiyasyon antanke migran anplwaye meksiken yo, selon sa lalwa NYCHRL la di.
- Yon anplwaye nan travay la te pale ak tout kè l sou kondisyon anplwaye nwa yo ki pa nòmal. Patwon an resevwa answit yon lèt sou enfòmasyon ki pa koresponn pou anplwaye sa a. Patwon an deside revoke anplwaye paske l ap plenyen pou zafè diskriminasyon epi li itilize lèt la sou enfòmasyon ki pa koresponn nan kòm pretèks pou revoke li. Patwon sa a ap akize de reprezay selon lwa NYCHRL la paske li pran mezi defavorab kont yon anplwaye poutèt angajman li nan yon aktivite ki pwoteje.

### Resous adisyonèl pou patwon yo:

Gid Ranfòsman Legal sou Diskriminasyon ki Baze sou Estati Imigrasyon ak Orjin Nasional:

<https://www1.nyc.gov/assets/cchr/downloads/pdf/publications/immigration-guidance.pdf>

Kòman nou kapab evite diskriminasyon nan I-9 ak pwosesis verifikasiyon anplwa a:

<https://www.justice.gov/crt/page/file/1132606/download>

Enfòmasyon pou Patwon sou Diskriminasyon ki Baze sou Estati Sitwayènte Moun:

<https://www.justice.gov/crt/page/file/1080256/download>

Gid Depatman Jistis sou Enfòmasyon ki Pa Koresponn nan SSA:

<https://www.justice.gov/crt/ssa-no-match-guidance-page>